# Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ «О ДҮНЬЯДАҒЫ АТАМА ХАТЛАР» ЭССЕСИНИҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИГИ ҲӘМ КОМПОЗИЦИЯСЫ

**А.А.Досымбетова –** *филология илимлериниң кандидаты*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар**: эссе, жанрий хусусиятлар, муаллиф образи, композиция.
**Ключевые слова:** эссе, жанровые особенности, образ автора, композиция.
**Key words:** essay, genre peculiarities, character of the author, composition.

Т.Қайыпбергеновтың "О дүньядағы атама хатлар" эссесинде Арал бойы регионында жүзеге келген экологиялық апатшылықтың келип шығыў себеплери ҳәм күтилетуғын ақыбетлери сөз етилип, ол өзбек, рус, француз тиллерине аўдарылып басылғанлығы мәлим. Бул шығармада қойылған машқала ҳәм таңланған формасы бойынша әдебий процессте ҳәм илимий жәмийетшиликте айрықша итибарға ийе болды [2:3:4]. Автор усы шығармасы арқалы Михаил Шолохов атындағы халық аралық сыйлықтың лауреаты болды. Бул шығарманың жоқары көркемлик сыпатының айрықшалығы, соның менен бирге, қарақалпақ прозасының дүньялық көлемде ерискен жетискенликлерин аңлатады.

Эссениң жанрлық қәсийетлериниң бири – жәмийетлик мазмунды, яғный дәуирдиң әҳмийетли машқалаларын, ўақыяларды автордың субъектив ой-пикирлери арқалы ашып бериўи болып табылады. «О дүньядағы атама хатлар» эссесинде өз тәғдирин халық тәғдири менен ажыралмас байланыста қараған, өз халқының жанкүйер бир перзенти сыпатында оны апатшылықтан қутқарыў ушын аянбай гүрескен жазыўшы образы сәўлеленген. Т.Қайыпбергеновтың балалық дәуиринен баслап пайғамбар жасына шекемги өмири халық тәғдири, жәмийетлик сиясий турмыс пенен байланыслы берилген. Шығармада инсан, тәбият ҳәм жәмийет арасындағы қарым-қатнас, бул қатнастағы көзсизлик, инсапсызлық, ойсызлық сыяқлы иллетлер, жиберилген қәте-кемшиликлер, орны толмас өкинишлер, автор образы, автордың дүньяқарaслары арқалы ашып берилген. «Тәбиятты бойсындырамыз» деген сүрен астындағы исленген ҳәрекетлердиң қәўипли ақыбетлери автордың өз толғаныcларын, пикирлерин көпшиликке ашықтан-ашық билдириўи, төгип салыўы арқалы жүзеге шыққан. Автор өзиниң «хатларын» емлеўханада жатырған ўақытта, яғный наўқас пайытында жазады. Өзиниң жекке дәрти менен халқының дәртлерин бириктирген ҳалда, автор «наўқас ақлығының» атасына шағыныўы, сарсылыўы усылы менен өз пикирлерин еле де өткирлестирип берген. Автор экологиялық апатшылықтың келип шығыў себеплерин излей отырып, жәмийетлик сиясий қубылысларға өзиниң баҳасын, көзқарасларын билдиреди ҳәм усы тийкарда тоталитар жәмийеттиң адамлар басына салған трагедиялық ақыбетлерин сүўретлеп береди. «*Ҳәр бир сораўға жуўап излеймен, таппайман. Бирақ мынаў қубылысларға кеўлим қабады: Адамлардың сүтхорлығы, меҳирсизлиги, адамлардың адамлар менен тил табыса алмай атырғанлығы тәбиятты өлтирип атыр. Адамлары жалған әўлийесымақларға, көсемлерге бас ийген мәмлекетте тәбият өледи екен. Қанша ойланба, бәри бир бизиң мәмлекетимизде жасаған адамларда эстетикалық талғамлар дурыслы раўажланбаған. Тәбияттың сулыўлығын қабыллаў имканиятымыз кем*» [1:63]. Автор бул жерде тәбийий апатшылықтың келип шығыўының руўхый, мораллық, эстетикалық себеплери туўралы пикирлейди. Оның пикиринше, адамлардың руўхый жарлылығы тәбиятқа надурыс қатнасты келтирип шығарды ҳәм бул қатнас экологиялық апатшылықты пайда етти. Жазыўшы өзиниң турмыслық тәжирийбелерине, илимий билимлерине тийкарланып өмир, адамлар, жәмийет туўралы философиялық пикирлерин, ой жуўмақларын көпшиликке усынады. Мәселен: «*Ақ бояў биреў болыўына қарамастан ҳәр бир адамның өзинше ақ бояўы бар. Ҳақыйқатлық биреў дегенди жақсы көремиз. Биреў ме? Олай болса, неге ҳақыйқатлықты анықлаў үстинде даўжәнжеллер көп?*

*Дүнья усы қәсийети ушын да гөззал,- дейди биреўлер.*

*Дүнья усы қәсийети ушын да түңилдиреди,- дейди екиншилери.*

*Дүньяға бийпарўа болмасаң я отта жасайсаң, я музда жасайсаң, дейди үшиншилер*» [1:43]. Бул қатарларда инсан, оның қурамалы ишки дүньясы ҳәм сыртқы дүньядағы жумбақлы қубылыслары ҳаққында автордың философиялық пикирлеўлери баянланған. Эссениң жанрлық қәсийетлериниң бири де усында көринеди, онда автор философиялық пикирлеў, инсанлар ҳәрекети, тәбийий ҳәм жәмийетлик қубылыслардан әҳмийетли жуўмақ, даныштанлық дөрете алыў уқыплылығына ийе болады.

Шығарманың композициялық қурылысында илимий болжаўлар айрықша орын ийелейди. «Илимий-техника раўажланған дәўирде инсан илимий фактлерге өш болып келеди. Көркем баянлаўлар менен биргеликте тыянақлы фактлерди унатады. Усындай зәрүрликке бола, эссе жанры бүгинги әдебиятымызда кең түрде раўажланып атыр. Жанр халық аңызлары менен илимий фактлерге оғада бай болып келеди» [6:21]. Жазыўшы шығарманың бастан ақырына шекем өзиниң ой-пикирлерин, көзқарасларын илимий болжаўлар менен толықтырып, байытып берген. Илимий болжаўларда қарақалпақлардың этногенези, тарийхы, халқының саны, географиялық орны, климаты, тәбият ҳәм жәмийет арасындағы қатнас, Арал апатшылығына байланыслы келип шыққан экологиялық кризис ҳәм т.б. мағлыўматлар анық фактлер, цифрлар менен көрсетиледи. Мәселен: «*Соңғы он жыл ишинде Арал бойларында жасаўшы халықлар арасында, соның ишинде, Қарақалпақстан Республикасында қаны азлық кесели 550 есеге, гипертония кесели 60 есеге, бөтеке кесели 30 есеге, жүректиң кесел болып туўылыўы 25 есеге көбейди. Жаслардың физикалық раўажланыў процеси күтә қәўипли*

*жағдайға түсти. Жаслар өзиниң орташа салмағынан 15-35 кг кем, бойлары 10-43 см қысқа, бес баладан биреўи армияда хызмет етиўге жарамсыз болып табылады»* [1:94]. Бул ўзиндидеги медициналық илимий мағлыўматлар оқыўшыны зериктирмейди, керисинше, миллетимиз тәғдириниң «жан түршиктирерлик» жағдайы оқыўшыларға қозғаў салады, оларды тәшўишлендиреди. Илимий анық мағлыўматларды көркем шығармаға ендире алыў ҳәм ол арқалы да тәсиршеңликти күшейтиў эссениң жанрлық тәбиятына тән өзиншеликлерден есапланады. Бизиң пикиримизше, илимий мағлыўматлар, болжаўлар биз сөз етип отырған шығармада авторлық баянлаўлар менен теңдей хызмет етеди. Ал наўқастың монологлары менен әпсана-аңызлар қосымша күшейтиўшилик, ой-пикирлерди көркемлеў хызметин атқарып келеди. Бизиңше, бул өзиншелик «О дүньядағы атама хатлар» шығармасының дөрелиў мақсетине байланыслы болса керек. Автордың бул шығармасы жәмийетлик әдебий эстетикалық ой дүньямызды байытыў тилегинен гөре, кең жәмийетшиликке қозғаў салыў, интеллигенция қатламын, илимпазларды машқаланың шешимин излеўге шақырыў, ҳәттеки мәжбүрлеў тилегине бола дөретилген десек қәтелеспеймиз. Сонлықтан да шығармада илимий тил, илимий мағлыўматлар көбирек қолланылған.

Эссениң композициялық қурылысында халық аўызеки дөретпелери (әпсаналар, аңызлар, терме) ҳәм тарийхый қаҳарманлар образы да айрықша орын тутады. Бунда Топан суўы ҳаққында әпсана, Нуў пайғамбар ҳаққында әпсана, Арал, Әмиўдәрья, Сырдәрья, Қарақум ҳәм Қызылқум ҳаққында әпсаналар, муҳаббат туўралы әпсана, Топырақ қала әпсаналарын поэтикалық мақсетте пайдаланған. Шығармадағы ҳәр бир әпсана әпиўайы айтыла бермейди, автор ҳәр бир әпсанаға өзиниң позициясын сиңдиреди. Ҳәр бир әпсана шығарма мазмунының ашылыўына белгили дәрежеде тәсирин тийгизеди. Әпсаналар арқалы автор характериниң өсиў, өзгериў логикасы анықланып барады. Бул нәрсе автордың айтажақ идеяларын толықтырып, күшейтиў хызметин атқарып келеди.

Эсседе көркем мазмунды сәўлелендириўде наўқастың монологлары да әҳмийетли орын тутады. Автор экологиялық апатшылық ҳаққындағы дебдиўлерин, ишки толғанысларын емлеўханада бирге жатқан наўқастың монологлары арқалы береди. Монологлар жәмийеттиң келбетин, социаллық жағдайды ашып бериўдиң бир усылы сыпатында қолланылған. Шығармада монологлар емлеўханадағы наўқастың авторға Арал теңизиниң аянышлы жағдайы, аўырыўшылық пенен өлимшиликтиң көбейиўи сыяқлы мәселелер бойынша шағыныўы, дәртлерин төгип салыўы формасында берилген. Наўқастың монологлары авторлық баянлаўларды толықтырады, турмыслық фактлер менен дәлиллейди ҳәм шығарманың тартымлы оқылыўын тәмийинлейди. Себеби, наўқастың монологлары әпиўайы тил менен, аўызеки сөйлеў тилине жақын баянланған. Наўқастың монологларында ҳәр қыйлы гүрриңлер, турмыслық ўақыялар, адамлар арасындағы қарым-қатнас, сиясий жағдайлар, мәмлекетлик басқарыў сиясатына наразылық көзқараслары ҳәм т. б. мазмун сәўлеленген. Олардың биринде наўқастың базарда бир «жантүршиктирерлик» ўақыяға гүўа болғанлығы айтылады. Бир гүдибазар, тәртип бузыўшы адам милиционер менен жәнжеллесип, толы журттың алдында оны өлтирип қояды. Ең ашынарлысы, жыйналған аламан бул ўақыяға тек тамашагөй сыпатында қарайды. Ўақыя жайына жетип келген тәртипти қорғаў уйымы хызметкерлери оған жәрдем бермекши болған наўқасты алып кетип, жуўапкершиликке тартады. Мине, экологиялық машқаладан кем болмаған машқала – бийпәрўалық, инсаныйлықтың жоғалыўы ҳәм биз исенген нызамның «күши». Автор усылайынша жәмийетлик машқалаларды халыққа түсиникли, әпиўайы тилде жеткериў ушын наўқастың монологларынан пайдаланған.

Жазыўшы пүткил әлемлик машқала болған Арал машқаласын еслер екен, оған ишинен күйинеди, өзин кешире алмайды. Шығармада адамды тәшўишлендиретуғын репрессия жылларын ҳәм тоталитар жәмийет тусындағы қорқынышлы ўақыяларды сөз еткен әңгимелер, әпсаналар жүдә көп. Жазыўшы олардың ҳәммесин сол жыллар ақыбети сыпатында экология мәселелерине байланыстырып сөз етеди.

Жуўмақлап айтқанда, шығарма эссениң жанрлық тәбиятына тән еркин композицияға қурылған болып, автор бул композициялық бирликлерди экологиялық апатшылықты көркем сәўлелендириў мақсетинде бир пүтинлик системаға бирлестире алған.

**Әдебиятлар**

1. Қайыпбергенов Т. О дүньядағы атама хатлар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
2. Насратдинов Ф. Орол бонг уради. Ўзбекистон адабиёти ва санъати. 1997 21-март.
3. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. -Нөкис: «Билим», 2003. Т.Қайыпбергеновтың ғәрезсизлик дәўириндеги прозасы. //Әмиўдәрья. 2005. №1.
4. Палўанов Б. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында эссе жанры (жанрдың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи, шеберлик мәселелери). Канд. Дисс. -Нөкис: 2007. Эссениң айырым теориялық мәселелери. // Әмиўдәрья, №2, 2006.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада Т.Қаипбергеновнинг « У дунёдаги бобомга хатлар» асарининг жанрий хусусиятлари ва композицияси талқин қилинади. Муаллиф образи ва унинг субъектив қарашларининг эсседаги тутган ўрни ёритилади. Экологик муаммони ёритишда илмий башоратнинг аҳамияти ўрганилади. Эссенинг жанр хусусиятларига боғлиқ ҳолда халқ оғзаки ижоди намуналари – ривоят, афсоналарнинг бадиий вазифаси таҳлил қилинади. Эсседа бадиий мазмун-моҳиятни ифодалашда қаҳрамон монологларининг аҳамияти тадқиқ қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье изучаются жанровые особенности и композиция произведения Т.Каипбергенова «Письма дедушке на тот свет». В эссе описываются значение роли образа и субъективное мнение автора. Исследуется научное предположение в описании экологической проблемы. В связи с этим анализируются жанровые особенности художе-

ственных функций народных устных произведений – легенд. Исследуется значение монологов героев в произведении.

**SUMMARY**

The article is devoted to genre peculiarities and composition of the essay by T.Kaipbergenov «Letters to grandfather to another world». The importance of the character and personal opinion of the author were revealed in this essay. The importance of scientifical assumption was learned in order to expose the ecological problems. There have been analyzed the genre peculiarities of artistic functions of folklore- legends and the role of hero's monologues in the work.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ӘПСАНАЛАРЫНДА АТ КУЛЬТИ МОТИВИ

**Г.С.Қалбаева –** *үлкен илимий хызметкер изленийши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар**: образ, мотив, культ, миф, ишонч, тарихий манба, поэтик таҳлил.
**Ключевые слова**: образ, мотив, культ, миф, вера, исторический источник, поэтический анализ.
**Key words:** image, motive, cult, myth, belief, historical source, poetic analysis.

Орта Азия халықларының фольклорлық мийрасларында ат культи жүдә кең тарқалған. Ерте дәўирлерде бул үлкеде жасаған ата-бабаларымыздың социаллық-жәмийетлик турмысында ҳәм руўхый өмиринде атлардың роли күшли болған. Олар атты төрт түликтиң бири деп қарап, жылқының пири жылқышы атаға сыйынып, оннан мәдет тилеп жасаған. Күнделикли турмысында жер айдап, егин егиўде, қус салып, аң аңлаўда, өриске мал айдап, шарўа менен шуғылланыўда атлардың хызметинен өнимли пайдаланған. Сондай-ақ, узақ сапарға шықса, ат жолдасы болып, жолды қысқартып, алысын жақын еткен. Жаўгер-шилик саўашларда душпан қуўса жеткермей, қашқан жаўларды тутпай қоймаған жүйрик атлар ата-бабаларымыздың қол қанаты, ғамқоршысы болған. «Қанаты менен көк шарлап, туяғы менен жер танабын қуўырған тулпар образы, алысты жақын еткен ел-халық әрманы-тулпардың жүйриклигин сүўретлеў тек түркий халық аўыз еки дөретпелеринде ғана емес, ал дүнья еллериниң мийрасында да формулалық типке ийе, қәлиплескен образ» [1:115].

Атлардың инсан өмириндеги хызметлери, қәўендерлиги олардың культ дәрежесине көтерилиўине тийкар жаратқан. Әййемги адамлар атлардағы теңсиз күш-ғайратты көрип, оларға өзге әлемнен, аспан ҳәм суў асты үлкелеринен келген иләҳий күшлер сыпатында қараған. Сол тийкарда мифологияда қанатлы атлар, булт үстинде қалқып жүриўши атлар, теңиздиң астында жүзиўши атлар ҳаққында көзқараслар пайда болған. Жер қозғалыў, шақмақ, исрапыл даўыл, вулкан атылыў қусаған апатшылықларды жеңиў ушын ол жерге халық идеалындағы қаҳарманның бара алыўы ушын ушар ат, суўда жүзетуғын теңиз қулыны сыяқлы мифлик ат образлары дөретилген. Мифологиялық ат Пегас әййемги жәмийет адамларының усындай арзыў әрманларының мифлик санадағы туўындысы болып есапланады. Пегас булттың арасында жүреди. Кимде ким апатшылықты, қәўип қәтерлерди жоқ етиў ушын атланар болса, Пегасты минсе, әлбетте қәўип қәтерлерди, душпанды жеңип қайтатуғынлығы ҳаққында айтылады.

Теңиз қулыны ҳаққындағы мифлердиң реликтлери қарақалпақ эпосларында «суў тулпары» деген ат пенен бериледи. Теңиз қулыны грек мифлеринде Одиссейдиң атына байланыслы пайда болған. «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантында суў тулпар ҳаққында мағлыўматлар келтириледи. Мәселен :

Суў тулпардан болыпты
Жел бийеден туўыпты.

Сондай-ақ, «Қоблан» дәстанындағы Кербийе де суў тулпардан шағылсады. Оннан нышан сезген Куртқа Кербийени көримликке сорайды [2:43]. Қыдырбай ғарры Кербийениң суў тулпары екенлигин айтады.

К.Палымбетов Қорқыт ата жырлары менен қарақалпақ эпосларының сюжет ҳәм образлар байланысларын ҳәм көркемлик өзгешелигин салыстырмалы изертлеўге арналған мийнетинде жырдағы Баяндурханның ешки баслы ҳәм қошқар баслы аты ҳаққында төмендегише пикир жүргизеди: «Бул тотемизм дининен бурынғы, әййемги мифологиялық исенимниң бизге жетип келген елеслери болса керек. Бундай еки ҳайўанның бириктирилиўи қусаған мифологиялық сюжет дүнья халықларының фольклорында өз сәўлелениўин тапқан. Бирақ, қарақалпақ дәстанларының сюжетинде бундай деталь ушыраспайды. Тек ғана «Қоблан» дәстанында батырдың еки аты туўралы мағлыўмат ушыратамыз. Онда Қараманның Булт аты, Сағым аты болып, екеўи де қанатлы қустан қалмайтуғын тулпар ат болады» [2:51].

Ат культи ҳәм оның адамларға қәўендерлик қылыўы ҳаққындағы мифологиялық исенимлер мифлер арқалы дәстанларға (әпсаналарға, ертеклерге-Г.Қ,) кирип келген. Бирақ эпос қурылысында бул культтиң излери дәўирлердиң өтиўи менен түрли өзгерислерге ушырап, өзиниң ҳақыйқый мифологиялық функциясын социаллық-эстетикалық функцияға босатып берген [3:143]. Мәселен, дәстанларда¸ертек, әпсаналарда ат образы алыс мәнзилге жеткериўши көлик хызметинде ғана емес, ал халықтың идеалындағы қаҳарманның садық ғамхоршысы сыпатында сүўретленеди. Ол өз ийесин түрли қәўип-қәтерлерден аман сақлайды. Қәўипти сезип ал-